**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Moyanov Í. "Qaraqalpaq baqsılarınıń pedagogikalıq kózqarasları" atamasındaǵı magistrlik dissertaciyası. Nókis - 2012.
2. Jumaniyazov K. Baxshilik óneri hám dástanshılıq dástúrleri. - Tashkent: Fan, 2018.
3. Qosimov B. Turkiy xalqlar folklori va epik tafakkur masalalari. Tashkent - 2016.
4. Allambergenov S. Qaraqalpaq xalıq muzıka mádeniyatı. Nókis - 2015.
5. Karimov N. Ańanaviy musiqa va zamonaviy madaniyat. Tashkent- 2021.
6. A.A.Erejepov. Baqsılardıń dástan atqarıw usılları. Tashkent - 2025
7. Q.Maqsetov. Qaraqalpaq jıraw-baqsıları. Nókis - 1983.

**REZYUME.** Bul maqalada qaraqalpaq xalqınıń baqsıshılıq óneriniń ózine tánligi hám búgingi kúndegi onıń tutqan ornı haqqında sóz etiledi. Baqsıshılıq kórkem óneri atqarıwshıdan tayarlıq, itibarlılıq, sabırlılıq, hám úlken miynetti talap etedi. Jáne de bul maqalada baqsıshılıqtıń qáliplesiw basqıshları, atqarıw texnikası, kórkem-estetikalıq ózgeshelikleri hám zamanagóy mádeniy processtegi ornı haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается об особенностях искусства бахши каракалпакского народа и его роли на сегодняшний день. Искусство бахши требует от исполнителя подготовки, внимательности, терпения и большого труда. Также в данной статье рассматриваются этапы становления искусства бахши, техника исполнения, художественно-эстетические особенности и его роль в современном культурном процессе.

**SUMMARY.** This article discusses the uniqueness of the Karakalpak people's art of bakhshi and its role today. The art of bakhshi requires preparation, attentiveness, patience, and great effort from the performer. This article also discusses the stages of formation of bakhshi art, performance techniques, artistic and aesthetic features, and its role in the modern cultural process.

## МИЛЛИЙ САЗ ӨНЕРИ ИЗЕРТЛЕЎШИСИ

**Бегжанов Бердақ** – *«Вокал» кафедрасы баслығы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*
**Кенжебаева Сабира Сайлауовна** – *доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Tayanısh sózler:** qaraqalpaq xalıq qosıqları, awızeki dóretiwshilik, milliy qádiriyatlar, estetikalıq tárbiya, ádep-ikramlılıq tárbiya, mádeniy miyras, ruwxıy rawajlanıw.

**Ключевые слова:** каракалпакские народные песни, устное творчество, национальные ценности, эстетическое воспитание, нравственное воспитание, культурное наследие, духовное развитие.

**Key words:** karakalpak folk songs, oral art, national values, aesthetic education, moral education, cultural heritage, spiritual development.

Синкретикалық көркем өнер ең ески жанр болып, қарақалпақ фольклорында сақланып келген. Қарақалпақ фольклорын жанрлық жақтан классификациялағанда мотивке тән сюжет, композиция, яғный саз, сөз, ҳәрекетлердиң өзине тән туўма ырғақлары менен бир-биринен ажыралып туратуғынын көриўимизге болады.

Ә.Алымов бар күш-ғайратын, жигерин халқымыз арасынан аўыз әдебияты үлгилерин жыйнаўға, оларды баспаға таярлаўға ҳәм изертлеўге арнады. Ол қарақалпақ жумбақларын жыйнаў, системаластырыў ҳәм монографиялық бағдарда изертлеў жумысларын биринши болып қолға алды ҳәм усының нәтийжесинде 1970-жылдың 18-февралында «Қарақалпақ халық жумбақлары» деген атамадағы кандидатлық диссертациясын белгили фольклорист Қ.Мақсетовтың илимий басшылығы менен табыслы түрде жақлады. Халық даналығының жемиси болған бул жумбақлар қарақалпақ

фольклорынын 100 томлығының да қурамына кирди. Демек, олар өсип киятырған жас әўладты кәмил инсан сыпатында тәрбиялаўға буннан былай да хызмет етеди деп айтыўға болады. Сондай-ақ, «Алғы сөз» ҳәм комментарийлери менен қоса Ә.Алымов тәрепинен баспаға таярланылған «Ғәрип ашық», «Саятхан-Ҳәмре», «Ашық-Нәжеп», «Юсип-Ахмет», «Юсуп-Зүлайҳа», «Ҳурлиқа-Хамра», «Гүлзар», «Сур жылан», «Аманбай батыр», «Дәўлетиярбек», дәстанлары халық ауызеки әдебияты дүрданаларын көпшиликке жеткериўге қосылған елеўли үлес болды. Аты аталған ашықлық дәстанлардың, олардың қурамындағы мухаббат қосықларын бақсыларымыз тәрепинен айрықша йош пенен айтылыўы XIX әсир ҳәм XX әсирдиң биринши ярымындағы қарақалпақ лирикасының пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўинде, сондай-ақ, миллий бақсышылық өнеримиздиң өсип-өркенлеўинде үлкен әҳмийетке ийе болғанлығы Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Қ.Жәримбетов ҳәм т.б. алымлар мийнетлеринде дәлилленген. Оның «Едиге» дәстанының халыққа қайтарылыўына да белгили үлес қосты. 1980-жылдың ақырына келип бурынғы Аўқам аймағында 1930-40-жылларда шығармалары қадаған етилген көркем сөз шеберлерин, ауыз әдебияты үлгилерин, көркем фильмлерди ақлаў, оларды изертлеў жумысы басланып кетти. Усыннан руўхланған Ә.Алымов «Едиге» дәстанын қайтадан баспаға таярлады ҳәм «Әмиўдәрья» журналында (1990, №1,2,3) бастырып шығарыўға еристи. Кейин ала бул китап басқа да фольклористлердиң сай ҳәрекетлери менен китап ҳалында жарық көрди. Ғәрезсизлик дәўирине келип қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бул эпосқа арналған докторлық диссертация қорғалды, монография басып шығарылды. Аты аталған «Едиге» ҳәм т.б. дәстанлар ғәрезсизликтиң шарапаты менен ӨзРИАҚҚБ гуманитар илим изертлеў институты жәмәәти тәрепинен қайта баспаға таярланылды ҳәм халқымыздың қолына барып жеткен қарақалпақ фольклорының 100 томлығының да қурамына кирди. Ә.Алымов 1990-жылы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалының директоры болып сайланады. Бул оның илимий дөретиўшилигинде жаңа бағдардың қәлиплесиўине, халықлық педагогиканың өзгешелигин, ауыз әдебиятының тәрбиялық әҳмийетин изертлеўге жол ашады. Ә.Алымов ярым әсирден аслам ўақыттан берли алып барған илимий-теориялық ҳәм педагогикалық искерлиги дәўиринде 300 ге шамалас ҳәр қыйлы илимий, илимий-методикалық, әдебий-сынлық жанрдағы мийнетлерин дөретти. Әсиресе, оның «Очерки истории каракалпакского фольклора» (Т., «Фан», 1977, авторлар жәмәәти менен биргеликте), «Қарақалпақ жумбақлары» (Нөкис, 1990), «Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары» (Нөкис 1983) мийнетлери қарақалпақ фольклористикасы илимине қосылған белгили үлес болды. Илимпаздың қәлемине тийисли «Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары» атлы мийнети де миллий фольклористика илими тарийхында белгили орын тутады. Онда жоқарыда атлары келтирилген лиро-эпикалық дәстанларды монографиялық планда илимпаздың биринши болып изертлегенлигин көриўимизге болады. Автор миллий әдебияттаныўдың көрнекли ўәкиллери болған Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетовлардың, белгили рус, өзбек, түркмен, қазақ фольклористлериниң пикирлерине сүйенген ҳалда қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанларының генезиси, көркем образлар системасы, көркемлик қәсийетлери, олардың поэтикасындағы архаикалық мотивлер менен көшпели сюжетлердиң тутқан орны, жанрдың көркем қурылысында лирикалық ҳәм эпикалық сыпатлардың өз ара қатнасы, аты аталған дәстанлардың халық арасында таралыўында бақсылардың туткан орны ҳәм т.б. мәселелер туўралы пикир жүритеди. Буннан 30 жылдан аслам ўақыт бурын орынланған бул изертлеў жумысында исленген илимий-теориялық пикирлер ашықлық дәстанларын ғәрезсизлик дәўири көзқарасынан еле де изертлеўге хызмет етеди деп ойлаймыз. Кейинги дәўирде Ә.Алымов миллий музыкамыздың белгили изертлеўшиси,

искусство илимлериниң кандидаты, өмирлик жолдасы Т.Адамбаева ҳәм т.б. менен биргеликте миллий музыка өнеримизди изертлеўге, бул саладағы атақлы тулғалардың ибратлы ислерин изертлеў ҳәм халық арасында үгит-нәсиятлаўға байланыслы белгили жумысларды иске асырды.

Усы көзқарастан оның «Сазенде ҳәм бақсы» (2010) (Т.Адамбаева ҳәм Т.Алланазаровлар менен биргеликте), «Атақлы сазгерлер» (Т.Адамбаева менен биргеликте (2012), «Ҳәзирети сазгер» (Т.Адамбаева, Ж.Турдымуратовлар менен соавторлықта) (2013) ҳәм т.б. мийнетлери дыққатқа миясар. «Атақлы сазгерлер» мийнетинде республикамыздың музыка өнери тарийхының белгили тулғалары Н.Мухаммеддинов ҳәм А.Сапаровалардың дөретиўшилик портретлери жасалған. Ал, «Ҳәзирети сазгер» мийнетинде миллий бақсышылығымыз тарийхында белгили орынға ийе, уллы Бердақ мойынлаған Муўса Турым улының бақсышылық өнериниң өзгешелиги туўралы сөз болады. Усы көзқарастан оның жоқарыда атлары келтирилген «Билимлендириўди жаңалаў-дәўир талабы» (1997), «Қарақалпақ этнопедагогикасы» 2010, авторлар жәмәәти менен биргеликте) мийнетлери де дыққатқа ылайық. Педагог-алым бул мийнетлеринде жасларды патриот, ҳәр тәреплеме жетилискен, саналы, дәўир талабына сай инсанлар етип тәрбиялаўда халық педагогикасының тутқан орнын изертлеген. Илимпаздың қарақалпақ аўыз әдебиятын, миллий үрп-әдетлерди, халық дәстүрлерин, миллий өзгешеликлерди жақсы билиўи оның бул бағдардағы жумысларында үлкен жәрдем берген. Өзбекистан Республикасы халық тәлиминиң ағласы Ә.Алымовтың көп жыллық илимий-педагогикалық ҳәм жәмийетлик-шөлкемлестириў тараўларындағы пидәкерлик мийнетлери ҳүкиметимиз тәрепинен ылайықлы баҳаланып, оған «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен билимлендириў хызметкери» ҳүрметли атағы берилди. Сондай-ақ, оған басқа әдебиятшылар, фольклористлер менен биргеликте қарақалпақ фольклорының 20 томлығын таярлаўда белсендилик көрсеткени ушын Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы берилди.

Демек, қарақалпақ фольклорын, халық педагогикасын, миллий музыка өнерин изертлеўге, жаслар тәрбиясына өмирин бағышлаған Ә.Алымовтың ибратлы ислери қарақалпақ фольклорын, әдебиятымызды изертлеўди нийет еткен жас әўлад ушын өрнек болады,-десек асыра айтқан болмаймыз.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Қарақалпақ этнопедагогикасы. (Педагогикалық институттың талабалары ушын оқыў қолланба). – Нөкис: «Билим», 2010, 26, 49,50-б.
2. Ахметов С, Баҳадырова С. Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги. Нөкис «Билим». 1992, 87 б.
3. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. «Мектеп» Алматы. 1973.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. «Қарақалпақстан» Нөкис. 1971.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада Ә.Алымовтың ярым әсирден аслам ўақыттан берли алып барған илимий-теориялық ҳәм педагогикалық искерлиги дәўиринде 300 ге шамалас ҳәр қыйлы илимий, илимий-методикалық, әдебий-сынлық жанрдағы мийнетлери ҳаққында сөз болады.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассказывается о почти 300 трудах А. Алимова в различных научных, научно-методических и литературно-критических жанрах за период его научно-теоретической и педагогической деятельности, охватывающей более полувека.

**SUMMARY.** The article discusses A. Alimov's nearly 300 diverse scientific, scientific-methodological, and literary-critical works during his more than half-century-long scientific-theoretical and pedagogical career.